

La Bib pou ti moun prézanté

Bondye ap pase lanmou Abraram nan nan eprèv



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Tammy S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou lannuit, Bondye
te bay Abraram yon lòd
etranj. Se te yon tès
pou l wè si Abraram te
renmen pitit gason li a
Izarak plis pase li te
renmen Bondye.

"Pran pitit gason w lan Izarak epi ofri li kòm yon sakrifis ban mwen," Bondye te bay lòd. Ofri Izarak ? Sakrifye pitit gason l an ? Sa te difisil pou Abraram. Li te renmen pitit gason l an anpil.




3

Men, Abraram te aprann fè Bondye konfyans menm lè li pa te konprann anyen. Nan maten, li te pati pou l ale sou mòn sakrifis la avèk Izarak ak de sèvitè.



4

Anvan Abraram ale, li te fanm bwa pou l fè dife pou sakrifis la. Abraram te gen entansyon obeyi Bondye.



5

Twa jou apre, lè yo t ap pwoche bò mòn nan, Abraram di sèvitè li yo : "Rete la a. Mwen menm avèk Izarak prale jouk lòtbò a pou n al adore Bondye, epi n ap retounen vin chèche nou." Izarak te pote bwa



6


a, epi Abraram te pran chabon pou dife a — ak yon kouto.

"Kote ti mouton pou sakrifis la ?" Izarak te mande. "Bondye ap ban nou li menm yon ti mouton," Abraram te reponn.



7

Yo toulede te rive kote Bondye te chwazi a. Abraram te bati yon lotèl epi li te mete bwa yo sou li pou ofrann Bondye a. Abraram te fè anpil lotèl anvan sa, men sa a se li ki te pi difisil pou fèt sètènman.




8

Abraram te mare Izarak epi li te mete pitit gason li renmen anpil la sou lotèl la. Èske Abraram t'apral obeyi Bondye epi sakrifye Izarak, sèl pitit gason li renmen anpil la toutbonvre ?




9

Wi ! Lam kouto a te te klere lè Abraram te leve li byen wo. Kè li te brize sandout, men Abraram te konnen li te dwe obeyi Bondye.



10

"KANPE LA !" zanj Bondye a te rele byen fò. "Kounye a mwen konnen ou gen krentif pou Bondye, paske w pa te refize ban mwen sèl pitit gason w lan."



11

Lè Abraram te wè yon belye nan yon touf bwa, li te libere Izarak, li te sakrifye belye a nan plas li. Li posib pou Izarak te panse : "Bondye te fè l'ekzakteman jan papa mwen te di li a."




12

Pandan papa a ak pitit gason l'an t'ap adore Bondye, zanj lan te pale ak Abraram ankò : "Tout pèp sou latè apral jwenn benediksyon gras ak desandans ou yo, paske ou te obeyi mwen." Pita, Jezi t'apral fèt nan desandans Abraram.



13

Abraram ak Izarak te retounen lakay yo. Kèk tan apre, tristès te anvayi yo. Sara te mouri. Abraram te pèdi madanm li, epi Izarak te pèdi manman l'.



14

Aprè antèman an,
Abraram te voye chèf
sèvitè li yo al chache yon
madanm pou Izarak. Sèvitè a te
retounen nan peyi kote yo te soti a pou li
jwenn fanm sa a nan

Abraram.

15

Sèvitè a te mande Bondye yon siy. "Se pou fanm ki
pral bay chamo mwen yo dlo a se li menm ki te rezeve
pou Izarak !" Menm kote a, Rebeka te ofri pou li bay
chamo yo dlo. Li te youn nan manb fanmi Abraram yo.
Sèvitè a te konnen Bondye te reponn priyè li a.

16

Rebeka te kite fanmi li pou l ale marye ak Izarak.
Se konsa li te konsole pou lanmò manman l. Izarak
te renmen Rebeka anpil !

Bondye ap pase lanmou Abraram nan nan eprèv

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jenèz 22-24

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130

17

18

Fen

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Piniyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

5

60

19

20